

Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyen Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79/4023 0243
justicepaixha@yahoo.com

**Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**JE WÈ,
BOUCH FÈT POU PALE**

**Mwa avril rive jen 2015
Mwa jiye rive sektanm 2015**

55 - 56

*Texte en français : voir pages 3, 14
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt toulouvri pou tout Otorite sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyón Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyón Jistis ak Lapè Achidiosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se ak anpil tèt chaje n ap prezante rapò sou zak vyolans k ap souke zòn metwopolitèn nan. 55 ak 56yèm rapò sila a rann kont sou jan 2zyèm ak 3yèm trimès lane 2015 te ye.

Klima politik tèt chaje peyi a ap viv sekwe egzistans tout enstitisyón fondamantal ak demokratik sosyete a. Aktè politik yo pa jam rive antann yo sou yon pwojè pou soti peyi a nan kalfou difisil nou ye kòm pèp lib e endepandan. Enstitisyón Leta yo ap pèdi krediblite chak jou pi plis nan zye popilasyon an ki pa jwenn okenn bon sèvis nan respè ak diyite.

Nou obsèvè reyalite vyolans lan vini pi serye nan plizyè katye, mete sou sa nivo aksidan k ap fèt vire tounen nan zòn metwopolitèn nan ak nan rès peyi a. Tout sa voye gwo siyal ki montre nan plizyè domèn nan Leta a, gen bagay ki pa mache byen. **Poukisa otorite yo pa ka pran dispozisyon pou pwoteje lavi moun ?** Komisyón an obsèvè pwen sa yo:

1. Peysi a pa gen bon gouvènay nan zafè sekirite, pa gen bonjan plan ak mezi yo pran an pèmanans.
2. Politisyen toujou sèvi ak vyolans pou pran epi pou jere pouvwa.
3. Lapolis pa kab metrize anpil sitiyasyon parapò ak yon bann evènman k ap rive. Li pa toujou pote repons ki nesesè. Manke motivasyon epi gen anpil fristrasyon nan mitan polisye yo.
4. Anndan katye popilè yo, lavi moun pa gen enpòtans pou bandi k ap fè ak defè ak sòs enpinite ki genyen. Katye Simon, Pele ak Site Solèy kapab sèvi egzanp pou sa.
5. Nivo delenkans lan vini yon gwo dife k ap chofe dlo vyolans lan. Avni jèn yo anba gwo danje.
6. Dwa moun genyen pou viv nan lapè ak sekirite anba gwo menas chak jou nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a an jeneral. Gen twòp lese ale nan tout nivo.
7. Sitiyasyon sosyal peyi a ap viv, bay sitwayen yo gwo lafyèv ak kè sote. Lavi vle tenyen pou sitwayen ak sitwayèn yo.

Kesyon Komisyón an ap poze : Eske mòd elekson k ap fèt nan peyi a kapab pote remèd epi chanje lavi nan sosyete a? Eske klas politik ki la a konprann byen konprann malè li fè pèp la ? Eske elekson milyon dola ak tout manipilasyon epi tout trik ak magouy ka pote kichòy pou enstitisyón nou yo ?

Komisyón Jistis ak Lapè toujou rete kwè tout elekson ki pa respekte valè ak diyite pèp ayisen an nan sa volonte l eksprime, ap toujou mete pi plis pikan kwenna pou ògmante vyolans epi pou fè enstabilité donnen nan peyi a.

Sekretarya Komisyón an remèsyé tout sèvis Leta yo, tankou HUEH ak PNH, ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a. Komisyón an salye n ak anpil respè, epi li déjà ap di n mèsi pou bonjan atansyon n ap bay 55 ak 56yèm rapò sila a.

Lettre ouverte aux Autorités civiles, judiciaires et policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix et la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est avec beaucoup de préoccupation qu'elles présentent leur 55-56^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Ce rapport rend compte sur les faits qui se sont passés au cours du 2^{ième} et 3^{ième} trimestre de l'année 2015.

L'atmosphère politique complexe que vit le pays secoue l'existence de toutes les institutions fondamentales et démocratiques de la société. Les acteurs politiques n'arrivent pas à s'entendre sur un projet commun pour faire sortir le pays du carrefour difficile dont il se trouve comme peuple libre et indépendant. Les institutions étatiques perdent leur crédibilité chaque jour davantage aux yeux de la population qui ne trouve pas des services adéquats qui correspondent au respect de sa dignité.

La Commission constate que la violence est devenue plus inquiétante dans un nombre de quartiers ; en plus de cela, le nombre des accidents augmente considérablement dans la zone métropolitaine et surtout à travers le reste du pays. Ces constats renvoient aux manquements sérieux de services dans plusieurs domaines et illustrent le disfonctionnement de l'Etat. Pourquoi les autorités étatiques ne s'organisent-elles pas pour prendre des dispositions pour protéger la vie des citoyens et citoyennes ? Ainsi, nous constatons :

1. Le pays ne dispose pas au niveau sécuritaire de plan ni de mesures adoptées au long terme et en permanence.
2. Nombreux politiciens se servent de la violence pour prendre et gérer le pouvoir.
3. Dans bon nombre de situations, la police est dépassée par les événements qui se produisent ; les réponses nécessaires se font attendre. Il y a une absence de motivation chez bon nombre de policiers et la frustration les habite.
4. Dans les quartiers populaires la vie des gens n'a aucune valeur pour les bandits qui opèrent en toute impunité. La zone de Simon-Pelé et Cité Soleil en sont des tristes exemples.
5. Le niveau de la délinquance devient comme du feu qui chauffe l'eau de la violence. L'avenir de la jeunesse est hypothéqué.
6. Le droit des gens pour vivre dans la paix et dans la sécurité est menacé chaque jour dans la zone métropolitaine comme dans tout le pays, suite à ce laisser-aller.
7. La situation sociale globale qui règne, fait peur aux citoyens et citoyennes qui sentent leur vie menacée.

**Komisyon an sonje yon fason espesyal pè Michel BRILLANT ki te viktim ensekirite epi ki resevwa plizyè bal nan men bandi ak zam.
Nou sonje li ansam tout lòt moun ki viktim nan zòn metropolis nan anba tout kalite bandi, vòlò ak malfektè. Lajistis peyi a pa ta dwe rete endiferan konsa devan sitiyasyon sa yo.**

La Commission porte une attention spéciale au Père Michel BRILLANT, victime de l'insecurité, qui a reçu plusieurs projectiles de la part des bandits armés. L'attention de la Commission s'étend également à toutes les victimes de bandits armés, de vols et de menaces. La Justice ne devrait pas rester indifférente devant ces faits.

La question qui se pose est la suivante : Est-ce que le mode d'élections organisées dans le pays peut-elle changer la vie de la société ? Est-ce que la classe politique actuelle se réalise bien du niveau de souffrance qu'elle inflige au peuple ? Ces

élections qui coûtent des millions de dollars, qui sont manipulées et truquées, peuvent-elles apporter la santé politique aux institutions ?

La Commission Justice et Paix croit toujours que toute élection qui ne respecte pas la valeur et la dignité du peuple haïtien quand il veut donner expression à sa volonté, résultera inévitablement dans plus d'instabilité et davantage de violence dans le pays.

Le Secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ces rapports 55 et 56.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Rovelsond APOLLON, av, Responsable d'observation

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens
Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince
Avril – juin

		Mwa Avril 100 viktim	Mwa Me 68 viktim	Mwa Jen 66 viktim
1. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisyé	1 polisyé	1 polisyé
Fanm ki viktim		10	9	7
Timoun ki viktim		1	-	2
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		20	24	45
2. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		92	62	60
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan awfowntman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	2	-	12
	Viktim awfowntman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantife	90	62	48
Moun ki touye tèt yo		-	1	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		-	-	-
Moun ki mouri nan aksidan		6	1+4	5
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		2	-	1
3. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		4	2	5
Lasalin, Site Soley, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		5	3	16
Zòn Kafou		15	4	6
Gran Ravin ak Matisan		5	7	-
Petyonvil, wout Frè		5	5	4
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		6	7	1
4. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt volò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince Juillet-septembre 2015

Analiz ak kòmantè sou rapò 55 ak 56

		Mwa Jiyè 62 viktim	Mwa Out 99 viktim	Mwa Sektanm 59 viktim
1. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisyé	1 polisyé	2 polisyé
Fanm ki viktim		6	5	8
Timoun ki viktim		-	-	3
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		45	80	39
2. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		53	71	41
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	4	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	11	45	19
	Viktim afwontman ant gang	-	5	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	42	18	22
Moun ki touyetèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		1	8	1
Moun ki mouri nan aksidan machin		8	19	16
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		-	-	1
3. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		4	10	-
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		14	47	18
Zòn Kafou		8	16	-
Gran Ravin ak Matisan		5	-	5
Petyonvil, wout Frè		2	1	3
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		1	-	3
4. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Sa ki dwe atire atansyon n pandan 6 mwa ki sòt pase yo

Nan peryòd 2zyèm ak 3zyèm trimès 2015 ki sot pase la a, soti nan mwa avril rive nan mwa septanm 2015 la, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè te verifye epi anrejitre **454 moun ki mouri viktим vyolans**. Pami moun sa yo, gen **379 ki mouri ak bal**.

- Pou 2zyèm trimès la Komisyon an konte 234 moun ki viktим konsa. Gen 214 ladan yo ki mouri ak bal.
- Pou 3zyèm trimès la genyen anviwon 220 moun ki viktим, genyen 165 ladan yo ki mouri ak bal.
- Nan menm epòk la, genyen 54 pami moun sa yo ki mouri nan aksidan machin.

Pou sis (6) mwa ki sot pase la yo, Komisyon an kapab afime genyen 2,48 moun ki mouri anba vyolans chak jou Bondye mete. Chif sa a pi piti pase reyalite a menm. Genyen chak jou 2 moun (pou pi piti) ki mouri ak bal nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan.

Li enpòtan tou pou n gade nan ki katye genyen pi plis vyolans. Pandan 3 mwa jiye rive sektanm, yo siyale 79 ka nan zòn Lasalin, Site Sile, ak Simon Pele. Nou repete : chif sa yo pi piti pase reyalite a menm, paske pa gen moun ki kapab rejistre vyolans ki genyen nan zòn sa yo kote bann nèg ak zam disparèt kadav viktим yo apre yo fin touye yo.

Kreye panik ak laperèz avèk vyolans

Tout kalite vyolans, menase epi sèvi ak zam kapab kreye panik epi fè moun pè. Menm polisy yo kite laperèz pran yo. Gang yo toujou rete yon gwo defi pou Leta peyi a, ni tankou yon kesyon sekirite ni tankou yon kesyon ki gade politik sosyal la. Fason gwoup ak zam sa yo enstale yo epi kontwole katye popilè yo fè lapolis ki la pou mete lòd epi ki sèl moun lalwa otorize pou sèvi ak zam, pa ka rive ranpli misyon yo jan sa ta dwe fêt. Gang yo se yon defi yo lanse bay Leta ayisyen ki sanble pa kab asire sekirite ak trankilite pou sitwayen l yo. Epoutan sa se yon misyon fondamantal leta yo genyen nan tan n ap viv la.

Difikilte Leta a genyen pou garanti lapè sosyal la, fè sitwayen yo vin pa gen konfyans nan enstitisyon yo. Delenkans chak jou k ap ogmante ensekirite nan peyi a ak nan tout rakwen zòn metwopolitèn nan. Akòz pa genyen yon politik tout bon ki wè avni peyi a, sa kapab fann sosyete a an miyèt moso pi rèd pase jan sa ye kounye a.

Lapolis pa rive kontwole anpil kote nan zòn metwopolitèn nan ki poutan anndan teritwa nasyonal la. Oubyen pa gen ase polisy pou fè travay la, oubyen gen kèk zòn yo entèdi moun al ladan yo, epi ki chape anba tout kontwòl.

An n gade yon egzamp : Simon-Pelé se yon zòn ki sou teritwa nasyonal la, li anndan 27.500 km kare ki fè tout teritwa Repiblik la ; men sa k ap pase nan ti zòn sila a depase tout sa moun ka imajine nan lespri l. Moun ki abite nan katye Pelé pa ka al nan katye Simon. Depase limit sa a se tankou mande lamò pou tèt pa l, tèlman sa k ap pase li sovaj ak fewòs. Moun Pele pa kab ale Simon, epoutan se Ayisyen yo ye, epi pa gen fwontyè yon lòt peyi y ap travèse. Nan dènye trimès la genyen prèske 30

moun ki jwenn lamò yo nan zòn sila a. Men ki sa k te rive yon jèn gason ki rele **Jonas Jorel, ki te pran 17 bal pandan li t al achte yon manje nan yon zòn li pa t gen dwa antre, alòske li te gen kèk minit sèlman depi li te sot nan travay li.** Sitiyasyon sila a ap dire depi plizyè mwa. Otorite yo tolere prezans bandi sa yo, paske yo konn menm achte sèvis nan men yo.

Nan mwa dawou ki sòt pase a, nan Dèlma 2 te gen afwontman ant nèg ak zam. Genyen plis pase yon dizèn moun ki mouri ak bal.

Toujou genyen afwontman ant gang ak gang nan zòn metwopolitèn nan pou gen kontwòl mache piblik yo ak estasyon transpò yo. Anpil nan moun sa yo konn fè tèt yo pase kòm ajan lameri, yo pran kòb ti machann ak chofè transpò yo pou yo kapab ogmante kòb yo pou yo achte zam ak minisyon. Pratik sila a fè Leta ayisyen pèdi yon bann kòb nan resèt fiskal li. Reyalite sa a konsène prèske tout mache ak estasyon transpò ki nan kapital la. Li se yon kòz soudevlopman peyi a. Nou jwenn pratik sila a nan prèske tout mache yo atravè kapital la, tankou mache Livana, mache 5^e Avni, mache Kwabosal, mache Wout Dal, estasyon Gonayiv, estasyon Pòtay Leyogàn, estasyon Lasalin, estasyon Site Solèy, elatriye...

Lendi 14 sektanm 2015, bandi ak zam asasiné de (2) polisye nan kafou Dwouya, nan moman yo t ap siphann yo ap fè move zak.

Nan anpil katye nan kapital la, chak swa se gwo kout zam otomatik k ap chante, sa ki bay popilasyon an gwo kè kase. Nan peyi a pèsòn pa konn kiyès ki lotè zak sa yo, tandiske sa bay anpil enkyetid ak sitwayen ki vle lapè yo. Kiyès k ap kontwole komès zam nan peyi a ? Kiyès ki kenbe zam ak nan ki kondisyon ?

Yo toujou ap di kapab genyen polisye ki mele nan aktivite kriminèl sa yo. Men... èske enstitisyon polis la rive kontwole movèz frekantasyon polisye yo ? Nan dènye tan sa yo, ou ta di gang yo pi fasil ap chwazi polisye kòm viktim move zak yo.

Reyalite gwoup gang yo nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a se yon wont epi li fè anpil sitwayen ki vle lapè gen gwo kè kase. Se politik la ki bay asosyasyon kriminèl sa yo pouvwa. Sa k pi grav la, se otorite nan Leta a ki toujou mele nan ranfòsman gwoup sila yo. Eske li posib epi èske nou kapab aksepte prèske nan chak katye nan zòn metwopolitèn nan, pou genyen yon gwoup gang k ap opere swa nan lari oubyen nan estasyon transpò yo ? Nan tout katye popilè yo, plizyè milye sitwayen ak sitwayèn tounen prizonye paske yo pè pou bandi ak zam pa tire yo. **Akòz otorite yo pa fè anyen nan kriminalite k ap devlope a, sa vin gen gwo konsekans sou dwa moun genyen pou viv anpè, paske yo refize pote asistans yo bay sitwayen k ap viv anba menas lamò epi lespri yo twouble poutèt reyalite ensekirite a. Otorite Leta yo pa pran okenn dispozisyon kòrèk pou pwoteje lavi moun.** Eske nou pa gen dwa pale sou yon « somalizasyon » nan kèk katye popilè ?

Leta a pa gen kontwòl vyolans k ap fèt nan lari yo. Pou kisa se pa ekspè k ap trete zak asasinay yo ak konpetans, epi, pou kisa yo pa janm pratique otopsi kadav sa yo. Sitiyasyon sa a regle koze mòg prive yo, paske soyete a pa janm mande yo kont. Ki sa k pase ak mòg Lopital jeneral la? Administrasyon piblik yo sanble ale nan yon deriv total.

Vyolans nan aksidan machin

Kantite aksidan k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan ak sou wout nasyonal yo wo anpil. Rapò pou sis (6) mwa ki sòt pase la a, bay **54** moun ki mouri nan aksidan machin nan zòn metwopolitèn nan. Chif pou depatman yo pi plis toujou. Anpil fwa nou tandé nan nouvèl yon pakèt gwo aksidan machin k ap fèt nan diferan depatman. Aksidan sa yo fèt, paske Leta a pa genyen okenn politik sou sèvis li ta dwe bay nan ankadre epi bay bon jan sekirite nan trafik woutye yo. Se menm « politik absans sèvis Leta yo » nou gen tan pale sou li a.

Kounye a moun yo deplase pi fasil pou y al nan aktivite komèsyal yo oubyen pou lòt rezon. Plis moun al nan plaj nan wiken oubyen lòt aktivite kè kontan. Pa genyen anpil polisye nan lari a. Chofè yo vin pi agresif, toutan y ap fè eksè vitès, yo gen telefòn nan zòrèy yo pandan y ap kondui, machin yo pa gen limyè kòrèk epi yo pa bay siyal kòm sa dwa. Konpòtman sa yo ki gen danje ladan yo ta merite jwenn sanksyon.

Lè n gade byen, nou pa wè lapolis fasil sou wout nasyonal yo, nan lari nan zòn metwopolitèn nan ak nan zòn ki sansib yo. Eske vrèman vre genyen yon politik sekirite ki òganize epi kote yo gade aspè sosyolojik ensekirite a nan diferan zòn ak aktivite yo ?

Yon gwo pwoblèm toujou, se Lopital yo ki pa genyen kapasite pou resevwa moun ki viktim aksidan sikilasyon yo. Anpil fwa, viktim yo konn viktim yon dezyèm fwa, lè medsen ak enfimyè oubyen ajan sante nan Lopital Jeneral ou nan lòt lopital ap fè chèlbè sou yo malgre yo bezwen swen. **Tankou sa te fèt jou ki te 30 daou 2015 lan, lè journalis Jefferson Casseus te viktim avèk 4 lòt moun ankò nan yon aksidan machin. Yo te transpòte li soti nan Lopital Medsen San Fwontyè Matisan rive nan Lopital Jeneral, kote l te mouri paske li pa t jwenn swen.**

Sal ijans lopital yo pa òganize tèt yo, oswa yo pa genyen materyèl pou sove lavi moun ki grav yo. Y ap toujou vini ak yon seri pretèks pou esplike yo pa kapab fè anyen ; men motif sa yo fèb anpil. Yo dwe mete sou pye yon seri sèvis pou lè gen ijans nan bon kote estratejik, dwe gen moun ki okipe sèvis yo epi yo dwe gen mwayen pou sa. Ekip reskonsab sa yo genyen yon gwo devwa etik pou bay sèvis medikal kòm sa dwa. Lalwa dwe klè sou pwen sa a, pa kab gen dout.

Pou sa k konsènen zafè sikilasyon woutye, Komisyón an fè konsta sa yo:

- 1- **Pa genyen yon kad legal sou transpò woutye an jeneral.**
- 2- **Plizyè chofè yo genyen yon konpòtman irresponsab e menm kriminèl.**
- 3- **Pa genyen anpil polisye sou wout yo pou veye.**
- 4- **Plizyè pwofesyonèl lasante (doktè ak enfimyè) pa fè prèv moralite ou etik devan viktim aksidan sikilasyon yo.**

Kèk konsiderasyon nou fè

N ap viv yon vyolans elektoral ki pran anpil fòm ki mare ak lit enterè klan yo k ap degrade enstitisyon demokratik yo

Nan tout dis (10) depatman peyi a, nan 140 komin yo ak nan 570 seksyon kominal yo, y ap soufri paske peyi a p ap byen dirije sitou nan peryòd eleksyon. Anpil nan lidè politik k ap chachè pòs nan eleksyon yo, toujou vle vin eli andeyò tout prensip ki etabli yo. Anpil fwa sa ki motive yo san yo pa di sa : se iminite ki pou kouvri yon pase kriminèl oubyen yo te nan koripsyon. 9 daou 2015 ki sòt pase la a, te montre n kijan kous pou vin palmantè a te konnen yon degre san parèy.

Chak jou pwoblèm yo ap vin pi plis nan peyi a, lè n konstate moun ki soti nan eleksyon nan peyi isit yo, toujou jwenn benediksyon « zanmi kominate entènasyonal la ». Konsa li menm tou fè li vin konplis nan enpinité n ap viv la ki rezulta iminite eleksyon ap bay la.

Pratik sila a ap detwi avni sitwayen ak sitwayèn yo. Ki jan yo kapab konstwi yon demen miyò avèk yon bann moun ki pa chache konprann enterè siperyè nasyon an ? Eske eleksyon pa ta dwe yon pwosesis ki fè pèp la granmoun tèt li epi ki pèmèt li pran chimen devlopman l.

Nan peyi a, nou abitye ak move òganizasyon eleksyon, ak lis elektoral ki fèt tèt anba ki retire dwa vòt yon bann moun. Nou te abitye ak materyèl yo ki rive an reta, oubyen ki pa t rive nan bon kote. Fwa sa a, metòd pou kontwole rezulta eleksyon yo vini ak de (2) nouvo bagay :

- **Apre gang yo fin pran katye popilè yo, yo layite kò yo nan zòn riral yo.** Depi kèk tan, pouvwa anplas la piti piti t ap prepare vyolans elektoral la. Se li ki nonmen jij depè yo ak komisè Gouvènman yo dèyè do lalwa ; li grasye yon pakèt detni ak prizonye ; yo kraze plizyè prizon pandan dènye ane sa a, san yo pa t janm dekouvri kilès ki dèyè koze a. Plizyè lidè san konsyans k ap defann enterè, te antre an aksyon : yon pakèt gang ki sòti nan kapital la al enstale yo andeyò nan plizyè seksyon kominal ; yo vini ak zam yo epi yo benefisyé posiblite pou jwenn bal, yo gen tout kalite pwoteksyon pou yo kapab menase ak zam, vòlè, fè presyon, enflivanse lòt moun, e menm touye ak disparèt moun.
- **Yo fè obsèvasyon elektoral la tounen yon bagay politik.** Manda yo konn bay mandatè pati politik yo ak sa yo bay obsèvâtè yo pa janm te fet alè. Fwa sa a, jan yo bay kat sa yo montre aklè kijan òganizatè yo nan patipri, paske genyen ki te jwenn anvan menm distribisyon an te kòmanse fèt. Jou eleksyon an te genyen yon pakèt òganizasyon obsèvâtè ki te anba kontwòl kèk pati politik. Obsèvâtè sa yo t ap deplase sot nan yon sant vòt al nan yon lòt sant vòt, epi yo te vle vote chak kote yo pase.

Kriz politik sa yo k ap sakaje peyi a ankouraje vyolans epi yo favorize politisyen ak kandida san konsyans yo pou yo jwenn plis avantaj politik. Nou regrett pratik sa yo ap fèt nan peyi a depi lontan.

Fè eleksyon ki kredib, onèt ak transparan nan peyi sa a rete yon gwo defi, paske pratik vyolans politisyen ak kandida yo ap fè chak jou yo montre aklè kalite relasyon ki genyen ant vyolans lan ak politik la. **Vyolans lan se tankou yon zam pou fè presyon sou elektè yo yon fason pou yo rete lakay yo, konsa yo kapab kontwole rezilta elektoral yo ak pouvwa a pi fasil.** Vyolans lan ka pran yon pakèt fòm : li kapab entimide elektè yo epi konvenk pou yo rete lakay yo, fè kouri yon bann rimè, gaye laperè lè y ap tire ak gwo zam otomatik, vòlè bwat in yo, fè gwo ponyèt pou yon kandida, vyole sekrè vòt elektè yo nan konplisite ak manm BV yo, al vote nan plas lòt moun, vote de (2) ou twa (3) fwa, bay manm BV yo ak sipèvizè yo kòb pou enflyanse rezilta a, fè yo kraze BV kote yo pa gen vòt. Ak tout sa plis pase dis (10) moun atravè peyi a pèdi vi nan vyolans elektoral nan epòk 9 daou a.

Lè n **analyze vyolans elektoral la** byen, nou kapab dekovri ki kote y ap fè vyolans ki yon antrav pou bon dewoulman pwosesis elektoral la. Analiz sa a te dwe pèmèt yo mete sou pye yon òganizasyon politik nòmal pou gide avni sosyete a nan lapè ak bon antant. Li dwe pèmèt nou jwenn bon motivasyon pou lite kont vyolans yon fason pi efikas. An n gade kèk egzanp pou chak depatman (egzanp yo nan dat 9 daou).

Tablo a tou fè n wè diferan fòm vyolans la pran nan tan eleksyon.

<i>Depatman</i>	<i>Lokalite</i>	<i>Lòt detay</i>
Nòdès	Tèrye Wouj Gran Basen	Patizan yon ansyen kandida vòlè von pakèt bwat ak bilten nan Tèrye Wouj ak Gran Basen. Okenn otorite pa t aji nan sikonstans lan. Sa montre aklè degre enpinite ki genyen.
Nò	Dondon	Yo boule yon sant vòt. Yo touye you moun ak kout manchèt, genyen lòt moun ki blese. Yo akize patizan PHTK ak VERITE ki ta lotè zak vyolans sa yo.
Nòdwès	Mòl Sen Nikola ak Jan Rabèl	Nan Ma Wouj ki nan komin Mòl Sen Nikola, yo te tire yon pakèt gaz lakrimojèn yon fason pou te entimide elektè yo pou yo pa t al vote.
	Pwaye	Nan Pwaye, 5 ^e seksyon kominal, yo fè anpil tantativ pou mete dife nan sant vòt sila a.
	Pòdepè	Nan Pòdepè, nan sant vòt Fatima, nan moman yo t ap konte bilten yo, yo tire yon pakèt katouch. Sa fè manm BV yo pa t siyen pwosè vèbal nan plizyè biwo (BV 1, 2 ak 3). Sanble polisyè Rubens Forestal te rale zam li nan BV 5 ak 6.
Latibonit	Ba-Latibonit tankou Vèrèt	Yo te obsève yon pakèt zak vyolans nan Jan Deni. Epi yo te anile pwosè vèbal nan sis (6) sikonskripsyon.
Sant	Savanèt	Nan Savanèt Sous Dlo eleksyon yo te gate byen bonè akoz kèk pati politik tankou RENMEN AYITI, OPL, APLA t ap kreye panik. Yo boule de (2) machin ; ak de (2) moun mouri. Nan Kolonbye (1 ^e seksyon Savanèt), popilasyon an pa t ka al vote akòz yo t ap tire ak gwo zam otomatik.
Lwès	Site Solèy	Se gang k ap kontwole katye popilè yo ki nan Site Solèy. Gang sa yo se politisyen ki jere yo. Si jou vòt la tout bagay yo te sonm, yo te anile rapò yo akòz te gen gabji nan eleksyon yo.

	Dèlma Pòtoprens Zòn metwopolitèn	Simon-Pele. Matisan ak zòn ki anviwonnen 1 (Gran Ravin) ; Kafou Fèy. Vyolans lan nan dènye ane sa yo vin toupatou nan zòn metwopolitèn nan, li vin pa limite ankò nan kék katye.
Lwès	Kòniyon	Kout zam te anpeche eleksyon an fèt. Chak kandida ap akize lòt kandida ki anfas li a sou zak sila yo.
Sidès	Jakmèl	Dimanch 5 jiyè 2015 bò 1è nan maten, yo te atake kandida meri Benè a anba banyè FUSION Me Raymond Jean François nan Jakmèl. Yon kouzen l te resevwa yon bal nan toraks li.
	Marigo	Depi nan lansman kanpay la, patizan diferan kandida yo t ap utilize vyolans.
Sid	Kavayon	Dimanch jou eleksyon an, bò 10 zè 30 AM, patizan PHTK yo ak zam nan men rantre nan sant vòt Leje a ki se 4e seksyon Kavayon; yo ale avèk bwat in yo. Nan ekip la ki fè zak la, yo te rekonèt moun yo ki ta abiye tankou polisye, te gen James Petiotte, mari kandida pou pòs depite Kavayon an sou PHTK, ak Dalouse Bataille, manm katèl majistra PHTK. Sant lan te rete fèmen pandan tout jounen an. Nan sant vòt Labich, 3 ^e seksyon Kavayon, vè 10zè AM konsa, yon ekip patizan PHTK rantre nan sant vòt la epi mete moun deyò. Pami yo te genyen bandi ki te abiye an polisye. Yo te remake prezans Jean Lucien Bertrand, premye manm katèl majistra PHTK, ak agwonòm Bruno Junior, patizan kandida pou pòs depite PHTK pou komin Kavayon. Vè midi konsa, patizan PHTK ak gwo zam nan men te debake nan sant vòt lekòl presbiteral Sent Terèz. Yo te mete elektè yo deyò, yo te bat Jean Gusmane Beauzile.
Grandans	Ansdeno	Depi 1995 zòn sa a te toujou gen divizyon politik ladan l. Leta pa janm fè anyen pou te chanje sitiyasyon an.
	Pestèl	Patizan PHTK, RENMEN AYITI, PITIT DESALIN te chire lis elektoral yo ki te afiche nan sant vòt lise Nò Aleksi a.
	Jeremi	Jeudy Camsuze ki se prezidan BV 30 te pran yon bal nan zòrèy dwat li, li te blese.
Nip	Ti Franswa	Te genyen gwo kout zam ki t ap chante, epi patizan PHTK yo te tou pwofite ranpli bwat in yo.

Sa k ap pase yo kapab ede konprann pi byen sitiyasyon an:

- Anpil fwa otorite polisyè ak jiridik yo mele nan zak briganday pou yon kadida kèlkonk. Anpil fwa tou se pou yon otorite ki nan pouvwa a yo konn aji pou kapab ranfòse enflyans li.

- Egzekitif la te fè anpil nominasyon nan diferan branch nan administrasyon Leta a. Sa montre aklè jan li vle kontwole pwosesis elektoral la. Konsa te gen transfè plizyè komisè Gouvènman, te gen nominasyon jij depè ak komisè polis.
- Anpil palmantè tou te mele nan fè dezòd nan pwosesis elektoral la.
- Kandida yo pa di ki kote yo jwenn kòb pou yo fè kanpay. Pa gen transparans sou rantré ak depans kandida yo fè nan peryòd kanpay yo. Sa se yon bagay ki yon vrè danje pou sante demokrasi a.

Redwi kantite vyolans nan peryòd elektoral se t ap yon pa enpòtan pou konstwi enstitisyon yo epi pou ranfòse lapè sosyal. Kilti vyolans k ap fèt chak jou ap detwi avni nou kòm pèp. Li nesesè pou n konstwi yon kilti demokratik ki tabli nan lapè, si n vle rive nan yon sosyete ayisyèn ki anfòm epi ki gen lavni.

Mèt Rovelsond Apollon, av.

Analyse et commentaire des rapports 55 et 56 Sur la violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants des deux trimestres

Au cours du 2^{ième} et 3^{ième} trimestre soit de avril à septembre de l'année 2015, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a documenté 454 **cas de victimes de violence** dont 398 tuées par balle.

- Pour le 2^{ième} trimestre on a compté 234 victimes mortelles, dont 214 de tuées par balle.
- Pour le 3^{ième} trimestre, il y avait 220 victimes, dont 165 tuées par balle.
- Pour cette même période, il y a eu 54 de tués dans des accidents routiers.

Pour ce semestre, on peut affirmer, il y a eu 2.48 morts par violence par jour – ceci est une estimation minimale ; il y a eu chaque jour au moins 2 personnes tuées par balles dans la zone métropolitaine.

Il est révélateur de noter les quartiers où la violence fait rage. Surtout au cours des mois de juillet à septembre : 79 cas de mort violente ont été signalés pour la zone de La Saline, Cité Soleil, Simon-Pélé. Encore une fois : ce chiffre est une estimation minimale, parce que personne n'est en mesure de recenser convenablement la réalité de la violence dans ces zones où les bandes armées font disparaître les corps de leurs victimes.

Créer la terreur et la peur par la violence

La violence, l'exhibition et l'usage des armes créent la panique et font très peur, même aux policiers ! Les gangs sont un défi pour l'Etat haïtien à la fois en termes de sécurité et de politique sociale. D'une part, leur existence et leur façon de contrôler certains quartiers remettent en question

le monopole de la violence légitime dont l'Etat seulement est détenteur. L'Etat est défié dans sa capacité d'assurer la sécurité et la tranquillité des citoyens et citoyennes, ce qui est une mission fondamentale des états modernes.

Cette difficulté à maintenir la paix sociale contribue à éroder la confiance et la légitimité des institutions auprès des citoyens. L'omniprésence de la délinquance augmente fortement l'insécurité dans tous les coins de la zone métropolitaine. L'absence d'une politique viable et orientée vers l'avenir contribue à aggraver la fracture sociale qui est au bord de l'éclatement.

La zone métropolitaine fait partie du territoire national qui en grande partie n'est pas contrôlé par la police, ou bien parce qu'il manque des effectifs, ou bien parce qu'il y a des zones qui sont interdites en termes d'accès et qui échappent à tout contrôle.

A titre d'exemple : Simon-Pelé est une banlieue qui fait partie des 27.000 kilomètres carrés de la République, et pourtant ce qui se passe dans cette zone dépasse l'imaginable. Traverser les limites équivaut à se suicider ! Tellement les scènes de violence sont cruelles et féroces. Les gens de Pelé ne peuvent se rendre à Simon, alors qu'ils sont haïtiens, il n'y a pas de frontière entre pays et on ne traverse pas dans un autre territoire. Près d'une trentaine de personnes ont été tuées à Simon-Pelé au cours du dernier trimestre juillet-septembre. Voici ce qui est arrivé à **Jonas Jorel qui a reçu 17 cartouches quand il est allé acheter de quoi pour manger en revenant de son travail dans un territoire interdit**. Cette situation perdure et les bandits sont tolérés par des autorités auxquelles ils vendent leurs services.

Toujours, au cours du mois d'août dernier, Delmas 2 a été le théâtre de violence armée ; plus d'une dizaine de personnes ont été tuées par balle.

Des gangs rivaux s'affrontent souvent dans la zone métropolitaine pour avoir le contrôle des marchés publics et des stations de transport. En se faisant passer pour des agents de la mairie, ils collectent des taxes des marchandes et des transporteurs, rien que pour augmenter leur force financière en armements et munitions. Cette pratique où les gangs s'imposent comme un état dans l'Etat, signifie une perte à gagner pour les recettes fiscales de l'Etat haïtien ; elle est donc une des causes du sous-développement du pays. Cette réalité concerne presque tous les marchés et les stations de transport dans la capitale citons comme exemples : marché Livana, marché 5^{ième} Avenue, marché Croix-des-Bossale, marché Route des Dalles, station Gonaïves, station Portail Léogâne, station Lasaline, station Cité Soleil, etc.

Le lundi 14 septembre 2015 deux policiers ont été froidement abattus par des bandits armés au carrefour Drouillard, au moment qu'ils les surprenaient en commettant leur forfait.

Dans plusieurs quartiers de la capitale, chaque soir la population se sent terrifié par des tirs à l'arme automatique. Apparemment personne ne sache qui fait quoi. Cette situation inquiète le paisible citoyen. Qui contrôle le trafic des armes dans le pays ? Qui détient des armes et dans quelles conditions ?

On parle assez souvent de la possible implication de policiers dans des activités criminelles. Est-ce que l'institution policière contrôle la mauvaise fréquentation des policiers ? Est-ce que les policiers ne se constituent pas trop facile en cible de l'insécurité qui les menace ? Les gangs visiblement choisissent plus facilement des policiers comme cibles de leurs forfaits ces derniers temps.

La réalité des groupes armés dans la zone métropolitaine et dans le pays en général est écoeurante et fait très peur aux paisibles citoyens. Le pouvoir criminel de ces associations est enraciné dans la politique. Ce qui est plus grave, les autorités de l'état se mêlent activement à leur renforcement. Est-il possible et acceptable que dans presque tous les quartiers de la zone métropolitaine on retrouve une cellule de gang active qui opère soit en pleine rue, soit dans d'autre circuit comme les stations de transports ? Dans les quartiers populaires, des milliers de citoyens et citoyennes se trouvent prisonniers par crainte de se faire tuer par des bandits de tout poil qui opèrent et contrôlent les secteurs. **La passivité des autorités face à la criminalité qui se développe, constitue une atteinte grave aux droits des personnes de vivre en paix, pour refus d'assistance aux citoyens dont la vie est menacée et l'esprit troublé par l'insécurité. Les autorités étatiques ne prennent pas de dispositions appropriées pour protéger les gens.** Ne peut-on pas parler d'une « somalisation » de certains quartiers populaires ?

L'Etat ne contrôle pas la violence dans les rues. Comment se fait-il que les cas d'assassinats ne sont pas traités avec expertise et des autopsies n'ont pas lieu. Cette situation fait l'affaire des morgues privées sans que la société ne leur demande des comptes. Qu'en est-il de la morgue de l'HUEH ? L'administration publique semble bien à la dérive totale.

La violence des accidents de la route

Le nombre d'accident que connaissent la zone métropolitaine et surtout sur les routes nationales est considérable. Le rapport du semestre fait état de **54** victimes mortelles dans la zone métropolitaine. Les chiffres en province sont beaucoup plus élevés ; à plusieurs reprises les nouvelles ont fait état d'importants accidents routiers dans différents départements. Là aussi, on constate la même « politique d'absence » de services de l'Etat qui doivent encadrer et sécuriser cette activité que constitue le trafic routier.

Davantage de personnes prennent la route en weekend pour aller à la plage ou dans d'autres activités de loisir. Une police routière fait défaut, en qualité et en nombre suffisant. L'agressivité des chauffeurs, les dépassements des limites de vitesse, l'emploi du cellulaire pendant qu'on conduit une voiture, l'absence de lumières adéquates ou de signaux d'avertissement, ce sont autant de comportements dangereux qui ne trouvent aucune sanction.

A bien observer, la police n'a pas une présence remarquée sur les routes nationales, à travers les rues de la zone métropolitaine ainsi que dans des zones aux activités sensibles. Existe-t-il vraiment une politique sécuritaire institutionnelle qui tient compte de la complexité sociologique des faits d'insécurité dans les différents endroits et activités ?

Un autre problème majeur est la capacité des hôpitaux à recevoir les accidentés de la route. Assez souvent, les victimes sont doublement victime, quand elles sont confrontées au manque d'humanisme de la part des médecins, des infirmières et agents de santé tant à l'Hôpital Général que dans d'autres centres hospitaliers. **A titre d'exemple : le 30 août 2015, le journaliste Jefferson Casseus, victime avec 4 autres personnes d'un accident de voiture, a été transporté d'urgence de l'hôpital Médecins Sans Frontières et à l'Hôpital Général ; par faute de soins la mort s'en est suivie.**

Les salles d'urgence des hôpitaux ne sont pas dotées de structures et de matériels nécessaires pour sauver la vie des gens en situation difficile. Les prétextes invoqués par les personnels de santé pour justifier leur non-intervention, sont faibles. Des services d'urgence, bien localisés, équipés et

pourvus du personnel adéquat doivent être organisés. L'intervention médicale est un grave devoir éthique pour les équipes de service ; la loi doit être clair et sans équivoque dans ce sens.

En conclusion, la Commission constate en ce qui regarde le transport routier :

- 1- L'absence d'un cadre légal actualisé sur le transport routier en général ;
- 2- Le comportement irresponsable, voire criminel de certains conducteurs au volant ;
- 3- Le manque de présence et de vigilance de la part de la police routière ;
- 4- L'absence d'éthique de certains professionnels de santé face aux accidentés de la route.

Nos considérations

Une violence électorale multiforme liée aux luttes de clan érode les institutions démocratiques du pays

Les dix (10) départements, les 140 communes et les 570 sections communales de la République d'Haïti qui forment la structure administrative et politique du pays, souffrent d'une instabilité politique chronique surtout en période électorale. Certains personnages politiques qui cherchent à obtenir une fonction élective, sont tentés à prendre les institutions démocratiques d'assaut. Parmi les motifs inavoués pourrait bien figurer le besoin de couvrir, avec le manteau de l'immunité, un passé criminel ou corrompu. Cette ruée vers les fonctions parlementaires a connu un degré sans précédent le 9 août 2015.

Le problème devient plus grand toujours quand on constate que les dirigeants ainsi élus jouissent de la bénédiction des « amis de la communauté internationale » qui de ce fait se comportent en complices de cette « impunité par immunité » du secteur mafieux du pays.

Cette pratique subversive met à mal l'avenir des citoyens et citoyennes. Comment peut-on construire un meilleur avenir avec des gens qui n'ont rien à voir avec les intérêts supérieurs de la nation ? Est-ce que les élections ne devraient-elles pas constituer un processus qui consacre la souveraineté et l'auto détermination d'un peuple ?

Déjà nous étions habitués à la mauvaise organisation des scrutins, aux listes électorales sans logique qui font perdre à de nombreux électeurs leur droit de vote. Nous étions habitués aux retards dans la livraison du matériel, voire aux erreurs dans leur distribution. Cette fois-ci, la méthode pour gagner ou contrôler le résultat des élections a fait recours à deux nouveaux stratagèmes :

- **La gangstérisation du monde rural, après les quartiers populaires des villes.** Depuis quelque temps, le pouvoir en place a patiemment préparé cette violence électorale : les juges de paix et commissaires de Gouvernements ont été nommés par lui, hors des prescrits légaux ; des détenus et prisonniers ont été graciés ; des évasions de prison ont eu lieu au cours de la dernière année sans que les circonstances ne soient élucidées. En plus des leaders et groupes d'intérêt peu scrupuleux se sont mis à l'œuvre : des membres de gang se déplacent et se sont installés en province dans des sections communales paisibles ; ils y introduisent leurs armes et semblent bénéficier de toute protection et approvisionnement pour rançonner, pressurer, influencer, imposer et si nécessaire tuer et éliminer.

- La **politisation de l'observation électorale** est un fait nouveau. Les mandats des mandataires des partis politiques comme des observateurs ont toujours été en retard ; mais cette fois-ci leur livraison témoignait de favoritisme, parce que certains partis les avaient reçus depuis d'avance. Le jour même des élections des organisations manifestement liées à des partis politiques occupaient l'espace de l'observation, munies de mandats livrés à temps. Ces observateurs se déplaçaient de centre de vote à un autre centre de vote, exigeant leur droit de vote là où ils passaient.

Les graves crises politiques qui secouent le pays encouragent la violence et favorisent les politiciens et candidats peu scrupuleux pour en tirer des avantages politiques. Des pratiques de ce genre sont malheureusement habituelles dans le pays.

Réaliser de bonnes élections crédibles, honnêtes et transparentes reste un défi à relever, car les pratiques de la violence perpétrées par les politiciens et candidats traduisent clairement une grande relation entre la violence et la politique. **L'arme de la violence est un outil de prédilection pour intimider et convaincre les électeurs de rester chez eux, afin de s'emparer du résultat électoral et du pouvoir.** La violence peut prendre de multiples formes : Intimider les gens et convaincre les électeurs de rester chez eux ; faire circuler des rumeurs ; produire la peur par des tirs nourris ; voler des urnes ; exercer des pressions indues en faveur d'un candidat ; organiser les BV pour violer le secret de vote des votants ; aller voter sous le nom d'autrui ; faire pression sur les membres des BV pour voter une deuxième ou troisième fois ; vassaliser l'appareil électoral (superviseurs et membres des BV) avec l'argent pour influencer le processus et les résultats ; faire annuler des BV là où l'on est faible, etc. Il n'est vraiment pas nécessaire qu'il y ait des morts pour parler de violence et de violation des droits. Et pourtant, le processus électoral a coûté la vie à une douzaine de personnes à travers le pays autour du 9 août 2015.

L'analyse de la violence électorale en Haïti permet de situer les foyers de tentions et de violences qui nuisent au bon déroulement du processus électoral. Elle devrait permettre de construire un ordre politique normal qui peut guider l'évolution harmonieuse de la société. Elle permet de faire de la lutte contre la violence une motivation de chaque jour dans la construction de la paix. Prenons des exemples pour chaque département.

Ce tableau n'est pas exhaustif mais donne une idée des multiples formes de la violence en période électorale.

Département	Localité	Autres détails
Nord-est	Terrier Rouge Grand Bassin	Le vol des urnes à Terrier Rouge et à Grand Bassin par une même personne proche d'un ancien candidat, et l'absence totale de réaction de l'autorité, illustre clairement comment l'impunité règne en maître en la matière.
Nord	Dondon	Un centre de vote a été incendié ; une personne est morte suite à des coups de manchette ; d'autres personnes en sortent avec des blessures. Des partisans de PHTK et de VERITE sont nommés dans ces actes de violence physique.

Nord-ouest	Mole Saint Nicolas et Jean Rabel Poiller Port-de-Paix	Des électeurs sont intimidés par de jets de lacrymogène pour ne pas voter à Mare Rouge (commune Môle Saint Nicolas). A Poiller (5 ^{ème} section) des tentatives sont entrepris pour mettre le feu au centre de vote. A Port-de-Paix (centre Fatima) des tirs au moment du contage font que les procès verbaux ne sont pas signés dans plusieurs bureaux (BV1, 2, 3). Le policier Rubens Forestal aurait exhibé son arme au BV 5 et 6.
Artibonite	Dans le Bas Artibonite, comme à Verrettes	Des scènes de violence sont observées à Jean Denis. Dans 6 circonscriptions les procès verbaux sont annulés.
Centre	Savanette	A Savanette Sous Dlo, les élections ont été annulées depuis la matinée, à cause d'un trouble créé par plusieurs partis politiques : RENMEN AYITI, OPL, APLA. Deux voitures ont été incendiées et deux personnes ont trouvé la mort. A Colombier 1 ^{ière} section de Savanette, la population a été intimidée par des tirs à armes à feu de gros calibre.
Ouest	Cité Soleil Delmas Port-au-Prince Zone métropolitaine	Les quartiers populaires de Cité Soleil sont contrôlés par des gangs qui sont à la solde de certains politiciens. Si le jour de vote s'est passé dans un calme relatif, les rapports ont été annulés pour cause de fraude massive lors du scrutin. Simon-Pelé. Martissant et environs (Grande Ravine) Carrefour Feuilles. La violence au cours des dernières années est devenue plus généralisée dans la zone métropolitaine et n'est plus limitée à certains quartiers.
Ouest	Cornillon	Des tirs nourris ont empêché le bon déroulement du processus. Des candidats s'accusent mutuellement.
Sud-est	Jacmel Marigot	Déjà le dimanche 5 juillet 2015 à 1h du matin, la maison de Me Raymond Jn François à Jacmel, candidat pour la mairie de Bainet sous la bannière de Fusion, a été attaquée. Un cousin a été blessé par balle au thorax. Depuis le lancement de la campagne, les fanatiques des différents candidats ont utilisé de la violence.

Sud	Cavaillon	<p>Vers 10 :30 AM, des gens armés partisans PHTK ont investi le centre de vote de Léger, 4^{ième} section de Cavaillon, et partent avec le matériel de vote et les urnes. Dans l'équipe on aurait remarqué la présence de gens habillés en policier, un certain James Petiotte, mari du candidat à la députation de Cavaillon sous la bannière de PHTK, et Dalouse Bataille, membre du cartel pour magistrat pour PHTK. Le centre est resté fermé pendant la journée.</p> <p>Au centre de vote de Labiche, 3^{ième} section de Cavaillon, vers 10 :00 AM, une équipe de partisans armés de PHTK débarquent et chassent les gens. Des assaillants habillés comme policiers ont été observés et on aurait observé la présence de Jean Lucien Bertrand, premier membre du cartel pour magistrat sous la bannière de PHTK, ainsi que l'agronome Bruno Junior, partisan du candidat PHTK à la députation pour Cavaillon.</p> <p>Vers midi, des partisans PHTK bien armés, ont débarqué au centre de vote dans l'école presbytérale Sainte Thérèse. Ils ont chassé les électeurs présents. Jean Gusmane Beauzile a été maltraité.</p>
Grand'Anse	Anse d'Hainault	Depuis 1995 la zone est un foyer de divisions politiques. Aucune intervention sérieuse n'a été faite pour remédier à la situation.
	Pestel	Des membres des partis PHTK, Renmen Ayiti et Pitit Desalin ont détruit les listes électorales affichées au centre de vote au Lycée Nord Alexis.
	Jérémie	Jeudy Camsuze, président au BV 30 est blessé par balle à l'oreille droite.
Nippes	Petit François	Des tirs nourris ont accompagné le remplissage d'urne en faveur des candidats de PHTK.

De situations aggravantes aident à comprendre le sérieux de la situation :

- Des autorités policières et judiciaires sont souvent mêlées dans des actes de fraude en faveur d'un candidat ; souvent ils agissent pour le compte d'une autorité au pouvoir en vue de renforcer son influence.
- Des nominations dans les différentes administrations effectuées par l'Exécutif illustrent sa velléité de contrôler le processus : transferts de commissaires du Gouvernement, nominations de juges de paix et de commissaires de police.
- Plusieurs parlementaires se sont également impliqués dans des désordres électoraux.
- Le financement des candidats est opaque ; la provenance des fonds est peu transparente et peu fiable. Ceci est dangereux pour l'avenir politique des institutions.

